10- Mutungamiri weboka rema Shia, Al-Khumeini akataura maererano neMudzidzi anoremekedzeka, munyori wezaruro uyo ainzi Muawiyyah Ibnu Abu Sufyaan (Allah ngavafadzwe naye) achiti: "Muawiyyah achatungamirira vanhu vake kwemakore makumi mana, asi hapana chaachawana kunze kwekutukwa panyika nerushamhu pahupenyu hwemangwana…" bhuku rinonzi Jihaadu Nafsi rakanyorwa naAl-Khumeini peji 18.

11- Mumwe wevangwaru veboka rema Shia anosheedzwa kunzi " Hussein Al-Khurrasaaniy" akataura mubhuku rake achiti "Chitendero cheIslam chine mwenje we Shia" raakapa sechipo kuimba inochengeterwa mabhuku inozivikanwa kunzi Daru Taqriyb iri ku Cairo munyika ye Egypt, uye akanyora papeji rokunze achiti rakanyorwa mumitauro mitatu inova ChiArabhu, Chifarisi neChirungu, akanyora zvakare nezvekufadzwa kwakaitwa negurukota rinoona nezvedzidzo munyika yeIran. Akataura mubhuku iri achiti: "Kubvumira kweboka rema Shia kutuka ma Sheikh maviri aya, Abu Bakr naUmar nevateveri vavo, vakaita izvozvo kuteedzera Mutumwa waAllah (rugare ngaruve kwaari), nekutevera tsimba dzake. Uye akataura kuti: Zvirokwazvo, pasina kusagutsikana ivava vakadzingwa kubva pana Muporofita uye vanotukwa naAllah kuburikidza nemumiriri wake rugare ngaruve kwaari…" (Al-Islam ala dhaw'I Tashayyui peji 88).

12- Mumwe wevaongorori wavo uye mumwe wevangwaru vavo panguva ino anonzi Muhammad Hussein Aal Kaashiful Gita akataura kuti: "Zvirokwazvo zvavanoona semufananidzo Abu Hurairah naSamrah Ibn Jundab naAmru Ibnul Aaswi nevamwe vavo havana huremo hwakafanana nehumutu kuboka reImaamiyah…" (Aslu Shia waUsulih peji 79).

13- Sheikh weboka rema Shia anonzi Abdul Hussein Al-Murushtiy akataura kuti: "Zvirokwazvo Abu Bakr naUmar ndivo zvikonzero zviviri zvakaita kuti vanhu ava varasike kudzamara musi wekutongwa…" (Kashiful Ishtibah peji 98).

14- Uyu ndiye mumwe weboka rema Rawafidh eku Iraq anonzi Ar-Rifaiy uyo akaenda kunyika yeEgypt kunoparidzira Shia uye akaumba sangano rake nechinangwa ichi akaripa zita rokuti "Jam'iyatu Ahlul Bait" akazviti iye ndiye mutungamiri wema Shia munyika yema Arabhu ye Egypt, akanyora ari ku Egypt ikoko bhuku rainzi "Taqdiyril Imaamiyah lis-Sahaabah" mubhuku iri akabvisa nyaya yokuti ma Shia anotuka maSheikh maviri neavo vanovasarudza kana kuvatora sevasingatendi. (Taqdiyrul Imaamiyah lis-Sahaabah rakanyorwa naAr-Rifaiy peji 36).

Iye Ar-Rifaiy pachake akadzoka pamashoko ake mubhuku rake rinonzi "Taqdiyrul Imaamiyah Lis-Sahaabah" kusvika kubhuku rinonzi Biharul Anwaar Lil-Majlisiy (peji 15, 17, 19), iro rakange riine nyaya yokunyomba, kutuka, nekupomera mhosva yekusatenda izvo zvinoita kuti mutendi adedere nazvo.

- Iye Ar-Rifaiy pachake anonyomba mudzidzi waMutumwa waAllah (rugare ngaruve kwaari), naizvozvo anopomera mhosva kuna Farooq yekuda hukuru, uye ndiye akatanga nyaya ye Ar-Raj'ah [1] pakati pema Muslim, uye akanyomba Abu Bakr, naUmar, naAbu Ubaidah (Allah ngavafadzwe navo), uye anoenderera mberi achinyomba nekuita jee nevadzidzi vaMutumwa nevakadzi vake apo akataura achiti mashoko aMwari anoti: ... إن الذين جاءوا بالإفك zvichireva: "Zvirokwazvo avo vakauya nenyaya yekunyepa …" akadzika kuna Aishah, naHafsah, naAbu Bakr, naUmar apo vakapomera mhosva Maria Al-Qibtiyyah naJaarih …" (Tarisai tsanangudzo yake yebhuku rinonzi Tashayyu' raMuhammad Baaqir As-Sadr peji 30, 31, 46)

Ndakati Ini: Mushure mekuburitsa pachena kutenda kweboka rema Shia Al-Imaamiyah Al-Ithna a'shariyyah Ar-Rawaafidh, avo vanomirirwa nema Shia eku Iran, Iraq, neboka rinonzi Hizbullah, naizvozvo munhu anoshamisika zvikuru kune avo vanoti tinofanira kuva pedyo nema Shia vachiti hapana musiyano uripo pakati pema Sunni nema Shia pakutenda kwavo vachiedza kubatanidza mapoka maviri aya. Asi tingave pedyo sei nevanhu vanotenda kuti vanhu vatsvene kudarika vanhu vose mushure mevaporofita nevatumwa vakasiya kutenda muna Mwari, vanhu ava vanova vadzidzi vaMuporofita (rugare ngaruve kwaari) vanonyomba vatsvene kudarika vose vanova Abu Bakr, naUmar, naUthman (Allah ngavafadzwa navo).

---

5 - Ar-Raj'ah pakutenda kwavo "kuti Allah vachamutsa veAhlul Bait (vemhuri yaMuporofita) nevavengi vavo kuti vagotsiidza zvavakaitirwa zuva rekutongwa risati rakwana, izvi zvinopesana zvikuru nezviri muKorani, munhaurwa, nekuwirirana kwemaMuslim, nokuti kumutsa kwaAllah vakafa kuti vazobvunzurudzwa nezvemabasa avo kuchaitika mushure mezuva iri kwete zuva iri risati rakwana.


***For more Islamic materials***

*Live chat and more: www.islamtomorrow.com/*
*Many Islamic videos online: www.thedeenshow.com*
*Free Islamic online books: www.islamic-invitation.com/*
*Free of charge Islamic books: www.islamic–message.net/cims/default.aspx*
*AHLAN : www.ahlan-group.com*
*www.facebook.com/Ahlan.Explore*


# NEZVE KUTENDA KWEMA SHIA

## KUTENDA KWEMA SHIA MU KORANI RINOYERA



(عقيدة الشيعة فى الصحابة)


Conveying Islamic Message Society
P.o.Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail:info_fr@islamic-message.net
E-mail:cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net

Not for sale يُهدى ولا يُباع

بلغة الشونا

## KUTENDA KWEMA SHIA MUVADZIDZI VAMUTUMWA

Muzita raAllah, rugare nerunyararo ngazvive kuna Mutumwa waAllah. MaMuslim vazhinji vanofunga kuti hapana musiyano uripo pakutenda pakati pema Sunni nema Shia vachiedza kuvapedyo navo panguva yokuti mhandu dzechitendero cheIslam dzirikuhwandira maMuslim kumativi ose zvavo. Zvakare vanofunga kuti pakati pema Shia pane vanotenda mune zvinopesana nechitendero cheIslam, nevamwe vavo vari pakati nepakati, ndeavo veboka rema Shia rinozivikanwa kunzi "Imaamiyah, Ithna Ashariyah, Ar-rafidwah" uye kuti ndeavo vatinofanira kuva pedyo navo, ndivo vakaumba nyika inonzi: Iran, asi pachokwadi ndivo varikurwisa mamuslim eboka revateveri vedzidziso dzaMutumwa vanozikanwa kunzi: Ahlu Sunnah wal Jama.

Nokudaro kuti pakwanise kuva nemutongo chaiwo nezveboka iri tinofanira kuziva kutenda kwavo kubva mumabhuku avo mavanotora dzidziso dzechitendero chavo, kwete kubva mune zvinongotaurwa nezvavo.

Tichataura muzvinyorwa zvino, kutenda kwema Shia muvanhu vatsvene kudarika vanhu vose mushure mevaporofita nevatumwa vanova vadzidzi vaMutumwa waAllah (R.N.K), nokuda kuvachenesa Allah vakadzikisa Korani richaverengwa kudzamara nguva (yekutongwa) yasvika. Asi veboka rema Shia vanotenda kuti vadzidzi vose ivavo vakazobuda muchitendero kunze kwevashoma chaizvo – vatatu, vana kana kuti vanomwe -, uye kuti vanova pedyo naMwari kuburikidza nekutuka, kuvatora sevasiri vatendi, nekuvenga varipamusorosoro pavo, vanova Abu Bakr As-Siddique, Umar Ibnul Khattab, Uthman Ibnu A'ffan, Az-Zubair Ibnul Awwaam, naTalhah Ibnu Ubaidillah (Allah ngavafadzwe navo vose).

### Hama yangu heuno umboo pane zvatataura:

1- Abu Ali Al-Khurassaniy akanyora nhaurwa iyi kubva kune muranda waAli Ibnul Hussein (A.S) [1] uyo akataura kuti: "ndakange ndiinaye rugare ngaruve kwaari pane rimwe gungano rake ndikataura kuti: zvirokwazvo ndine kodzero kwauri, haukwanise kunditaurira here nezve varume vaviri ava: Abu Bakr naUmar? Akataura kuti: havasi vatendi, uyo achavafarira haasi mutendi zvakare" (Biharul Anwaar 72/137 – 138).

2- Munyengetero wezvimidhori zviviri zvema Quraishi uyo wakaitwa nemutungamiri weboka rema Shia mukuru, uye mukuru wechimurenga chavo (Al-Khumeini), apo anotuka

mumunyengetero wake Abu Bakr naUmar Allah ngavafadzwe navo. Veboka rema Shia vanotenda kuti vaviri ava vakachinjinura Korani, uye vakapokana nemurairo waAllah "Veduwe-e Allah, kutukwa ndekwezvidhori zviviri zvema Quraishi, nema Jibtu acho (zita rezvidhori zvainamatwa), nema dhimoni acho, nevanyepi vacho, nevanasikana vavo vaviri, avo vakapesana nemurairo wenyu, vakaramba zvaruro yenyu, vakaramba maropafadzo enyu, vasina kuteerera mutumwa wenyu, vakasandura chitendero chenyu, vakachinjinura bhuku renyu…" ( Mansour Hussein / Tuhfatul Awaam Maqbool, peji: 423 – 424).

3- Abu Ja'far rugare ngaruve kwaari akataura kuti: "vanhu vose vakabuda muchitendero mushure maMuporofita (rugare ngaruve kwaari) kunze kwevatatu, ndakati – airehwa apa munyori wenhaurwai iyi – vatatu vacho ndevanaani? Akataura kuti: Miqdaad Ibnul Aswad, naAbu Dharri Al-Gaffariy, naSalmaan Al-Faarsiy" (Rijaalul Kushiy peji 6, Al-Kaafiy 8/245).

4- Salmaan Al-Faarsiy akataura kuti: Ali rugare ngaruve kwaari akataura kuti: "Zvirokwazvo vanhu vose vakabuda muchitendero mushure mekufa kwaMutumwa waAllah (rugare ngaruve kwaari nemhuri yake), kunze kwevanhu vana" (Bhuku ra Salim Ibnu Qays peji 162 – rakaongororwa na: Sheikh Muhammad Baaqir Al-Ansaariy, Biharul Anwaar 28/282)

5- Abdul Malik Ibnu A'yun aiwanzo bvunza Abu Abdullah rugare ngaruve kwaari, uye akaramba achimubvunza kudzamara akataura kwaari kuti: kana zvakadaro vanhu vakapararaka? Akataura kuti: chokwadi ndinopika naMwari, vanhu vose vakaparara, Ndakati: kumabvazuva ndiani uye kumadokero ndiani? Akataura kuti – airehwa apa munyori wenhaurwa iyi - ; ndokuti zvakare – mutungamiri wavo - : zvirokwazvo vakavhurira kurasika, Chokwadi ndinopika naMwari, vakaparara vose kunze kwevatatu, vakazobatanidzwa naAbu Sasani , naA'mmaar, naShatiyrah, naAbu Umrah, vakava vanomwe" (Rijaalul Kushiy peji 7, Biharul Anwaar 22/352, nhaurwa yechi 78, akazonzi mashoko a Al-Kushiy).

6- As-Saadiq akabvunzwa kuti: "ndiani mhandu dzaAllah? Akapindura achiti: zvidhori zvina, akabvunza zvakare kuti: ndezvipi? Akapindura

achiti: Abu Al-Fasil, naRam'u, naNa'thal[1], naMuawiyah neavo varimuchitendero chavo, munhu anovenga ivava chokwadi anenge avenga mhandu dzaAllah" (Tafseerul Ayyaash 2/116 – Bihaarul Anwaar 27/58).

- Sheikh wenyika yeAs-Safawiyah[2] Al-Majlisiy akataura paaitsanangudza nezvemazwi aya: Abul Fasil kuti ndi Abu Bakr, nokuti izwi rokuti: Al-Fasil nerekuti Bakr akada kufanana padudziro dzavo, izwi rokuti: Ram'u rakamirira Umar kana tikaverenga vara iroro tichibva kurudyi tichidududza, izwi rokuti: Na'thal ndi Uthman sekutaurwa kwazvakaitwa mumabhuku emutauro (wechi Arabhu)…" (Biharul Anwaar 27/58).

7- Sheikh wavo ainzi Al-Majlisiy akataura kuti: "muzvhinhu zvinoverengerwa kuti zvinodikanwa zvikuru muchitendero chema Imaamiyah, kubvumidza kuroorana kwenguva pfupi, neHajj inonzi 'tamatui', nekuzvichenura kubva kuna Abu Bakr, naUmar, Uthman, naMuawiyyah…" (Al-I'tiqadaat Lil Majlisiy peji 90 – 91).

8- Al-Harr Al-A'lamiy akataura kuti: "Kune uyo asingazvichenure kubva kuna Abu Bakr naUmar naUthman iyeyo imhandu kunyange akafarira Ali…" (Wasaail Shia 5/389).

9- Sheikh wavo anonzi Al-Bahraaniy munyori webhuku rinonzi Tafseerul Burhan chitsauko 98 akaisa musoro wenyaya unoti: "Ibliss achange ari pachinzvimbo chepamusoro kugehena kudarika Umar – zvichireva kuti achange ari pasi paIbliss – " (Al-Maalimu Zalafiy peji 324 – 325).

1 - Pese panotaurwa mumwechete wema Imaam avo vanonzi vakadzivirirwa, vanotaura kuti (عليه السلام zvichireva kuti " Runyararo ngaruve kwaari") kana kuti vanongonyora (ع) chete nokuti vanotenda kuti ma Imaam vakadzivirirwa kubva kuzvitadzo zvikuru nezvidiki, kushaya han'a, nekukanganwa.

2 - Ndakati: Iri iboka revadzidzi vaMutumwa vakanunura Ali Ibnu Abu Taalib (Allah ngavafadzwe naye) nerudo rwekutenda kwema Shia nokuda kwaizvozvo havanakutorwa sevasiri vatendi.

3 - Ma Shia vanotenda kuti Muporofita (rugare ngaruve kwaari) ndiye akapa zita kuna Thu Nuraini Uthman Ibnu A'faan (Allah ngavafadzwe naye) rokuti (Na'thal), nokuda kwe nhaurwa inoti: "Aishah akataura kuna Uthman achiti: Iwe Na'thal, Iwe mhandu yaAllah, Mutumwa waAllah (rugare ngaruve Kwaari) akakutumidzwa zita raNa'thal muJudha weku Yemen …" (Bihaarul Anwaar 31/297), sezvo vanotenda zvakare kuti Uthman akauraya mwanasikana waMuporofita (rugare ngaruve kwaari), Abu Ja'far (runyararo ngaruve kwaari) pamashoko aAllah anoti: أيحسب أن لن يقدر عليه أحد zvichireva: (asi anofunga here kuti hapana ane masimba pamusoro pake?) Abu Ja'far akataura kuti: arikurehwa ndi Na'thal pakuuraya kwaakaita mwanasikana waMuporofita (rugare ngaruve kwaari) (Bihaarul Anwaar 9/252), ndakati: ichocho ndicho chitendero chema Shia chine manyepo asingaperi.

4 - Nyika ye yeAs-Safawiyah: izita rakatorwa kubva murume akavamba nyika iyi ainzi Ismail As-Safawiy kubva kuvana veku Persia, akavamba nyika iyi kunzvimbo ye Athribijan, mushure macho nzvimbo iyi yakazova Persia neIraq mugore ra 1500 A.D. ndiye akapa chiziviso chokuti chitendero chenyika iyi chakange chiri chitendero chechi Shia ndokurwisa veboka reAhlus Sunnah. Kubva mubhuku rinonzi "Wajaa daurul Majoosi" rakanyorwa naDr. Abdullah Muhammad Al-Gariyb, peji 86, rakatsikiswa neMaktabatu Ridhwaan – Egypt.